

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

TOUJOU REPONN AK KRITÈ POU ASIRANS CHOMAJ YO (UI) Twa Etap Senp Chak Semèn

Sèvi ak gid enfòmasyon rapid sa a k ap ede w sonje sa pou w fè chak semèn pou w ka kontinye resevwa lajan yo bay pou asirans chomaj (UI) a.

1. CHÈCHE TRAVAY

Rapèl: Pou w resevwa lajan yo bay pou asirans chomaj la (UI), ou dwe reponn ak kondisyon eta mete sou pye pou rechèch travay la tankou ranpli epi voye aplikasyon pou travay nan konpayi yo.

FÈ YON PLAN EPI FIKSE YON OBJEKTIF

Chak semèn, idantifye aktivite rechèch travay ki ka fè w jwenn yon nouvo travay.

FÈ SA K NAN PLAN W LAN

- Fè omwen 3 rechèch travay
- Se pou w ka e disponib pou w travay
- Enskri sou unemployment.labor.ny.gov/en-US/login epi toujou sèvi ak sit nou genyen pou ede moun jwenn travay ki ale ak konpetans yo a

EKRI SA W FÈ YO

Kenbe yon dosye ki gen tout sa w fè pou w jwenn travay. Asire w ou mete "kisa, kilè, ak kiyès ou te kontakte" ansanm ak rezilta chak rechèch bay.

2. FÈ DEKLARASYON POU REKLAMASYON CHAK SEMÈN

Rapèl: Si w pa voye reklamasyon w lan pou semèn ki sot pase a nan delè ki fikse pou sa a, ka gen reta nan pèman an oswa nou ka anile pèman an pou semèn sa a!

KILÈ POU W DEPOZE REKLAMASYON CHAK SEMÈN OU A

Ou dwe voye reklamasyon w lan Samdi a minui pou aktivite rechèch travay ou te fè nan semèn ki pase a, Lendi jiska Dimanch.

FASON POU W DEPOZE REKLAMASYON CHAK SEMÈN OU A

- **Sou Entènèt:** Pou w jwenn sèvis pi rapid, aplike sou unemployment.labor.ny.gov/en-US/login
- **Telefòn:** (888)581-5812

3. RAPÒTE TOUT TRAVAY

TRAVAT POU W RAPÒTE

Ou dwe rapòte tout lè ou te travay pou chak semèn w ap fè reklamasyon lajan asirans chomaj la, kit se travay a tan pasyèl oswa travay tanporè.

KILÈ POU W RAPÒTE YON TRAVAY

Rapòte lè w te travay soti Lendi pou rive Dimanch nan semèn ou te travay la, SE PA semèn ou te touche a.

FASON POU W KALKILE LAJAN W TOUCHE ANTOU

Kantite Lè w Travay X Montan yo Peye w Pou Chak Èdtan = Lajan Total ou Touche

Si w wè w te fè yon erè nan reklamasyon chak semèn ou an, kontakte NYSDOL tousuit.



Gade Gid Ki Bay Esplikasyon Sou Fason Nou
Trete Reklamasyon Pou Asirans Chomaj yo